

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan maca mangrupa salah sahiji kaparigelan basa salian ti kaparigelan ngaregepkeun (*listening skill*), kaparigelan nyarita (*speaking skill*), jeung kaparigelan nulis (*writing skill*). Sakabéh éta kaparigelan basa téh salawasna silih pangaruhan sarta raket hubunganana jeung prosés-prosés nu jadi dadasar makéna basa.

Dina dunya atikan kagunaan maca kacida pentingna. Ku cara maca, siswa bisa ngamekarkeun dirina sacara optimal sarta bisa meunang sagala informasi anu diperlukeun dina prosés diajar-ngajar. Loba ahli basa nu ngabogaan pamadegan ngeunaan wangenan maca. Gillet jeung Temple (dina Harjasujana jeung Damaianti, 2003:67) nyebutkeun yén *reading is making sense of written language*. Maca nya éta méré ma'na kana basa tinulis. Méré ma'na remen disebut nyangkem eusi bacaan anu mangrupa kagiatan paling dasar tina prosés maca. Esensi tina kagiatan maca mangrupa pamahaman bacaan. Simon (dina Mulyati, 1995: 49-50) nyebutkeun yén pamahaman nya éta hiji prosés mental salaku wujud tina aktivitas kognisi anu teu bisa ditempo. Produk tina pamahaman téh nya éta kalakuan nu dihasilkeun sanggeusna prosés pamahaman éta lumangsung, contona ngajawab patalékan, boh sacara lisan atawa tinulis.

Kamampuh maca tacan kalaksanakeun sacara optimal sabab kurangna jeung henteu antusiasna siswa kana minat baca lantaran siswa teu ngabogaan sumanget pikeun ngabogaan kasadaran diri hayang terus ngaronjatkeun kabiasaan maca. Hal ieu jadi salah sahiji faktor anu ngajadikeun timbulna pasualan anu balukarna bisa mangaruhan kana prosés diajar-ngajar, sabab upama siswa teu ngabogaan sikep daria kana diajar utamana maca, lian ti kompeténsi atawa tujuan pangajaran bakal moal kahontal, ogé mangaruhan kana pamahaman siswa, anu antukna moal bisa nyangkem atawa méré tanggapan kana ma'na jeung informasi bacaan anu dibacana.

Salian ti faktor kurangna motivasi siswa ngabudayakeun kagiatan maca, faktor séjén anu jadi kasang tukang nyababkeun kurangna kamampuh maca siswa nya éta guru salaku pangatik kurang loba méré kasempetan ka siswa pikeun aktif dina prosés diajar-ngajar, prosés diajar-ngajar masih lumangsung sacara monoton jeung konvensional ngagunakeun pola tradisional nya éta pola saperti guru nerangkeun, siswa ngaregepkeun jeung nyatet tuluy béh dituna siswa dibéré latihan soal. Kondisi saperti kitu téh kurang kondusif dina ngarajong kamekaran kamampuh maca siswa anu antukna ngajadikeun siswa kurang kritis, kurang aktif jeung henteu kreatif.

Prosés diajar-ngajar kudu leuwih loba ngajak siswa pikeun aktif, sangkan siswa bisa leuwih babari ngamekarkeun pamahaman pikeun nepikeun gagasan-gagasan anu dipibogana ka siswa séjén atawa guruna. Interaksi-interaksi unggal siswa jeung guruna bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh siswa ku cara silih

nanya, diskusi, atawa silih ngajéntrékeun. Kagiatan saperti kitu bisa dipaké dina sakabéh kagiatan diajar-ngajar kaasup ogé kagiatan maca.

Nilik kana pedaran di luhur, hal éta patali jeung pangajaran maca dina pangajaran basa Sunda. Matéri anu aya dina standar kompetensi jeung kompetensi dasar mata pelajaran basa jeung sastra Sunda patalina jeung panalungtikan ieu nya éta matéri aspék maca anu standar kompeténsina “*mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, bahasan, puisi, dan naskah drama*”.

Saluyu jeung standar kompetensi di luhur, salah sahiji matéri anu kudu diajarkeun di kelas IX patali jeung maca pamahaman nya éta maca artikel. Tujuan utama pangajaran maca artikel ieu nya éta pikeun méré kasempetan ka siswa bisa néangan jeung meunang informasi, sarta nyangkem kana ma'na bacaan anu satuluyna bisa méré tanggapan kana bacaan jeung nepikeun gagasan-gagasan tina wacana anu keur dibacana dina wangun karangan artikel. Kompetensi ieu dipiharep bisa ningkatkeun pangaweruh jeung kamampuh siswa dina maca anu lain ngan saukur siswa téh ngalaksanakeun kagiatan maca lantaran kapaksa pikeun ngaréngsékeun pancén-pancén ti guruna tapi bisa dijadikeun hiji kagiatan anu dipikaresep jeung dijadikeun kabutuhan anu mangaruhan pisan kana préstasi diajar siswa.

Dina kanyataan lumangsungna prosés pangajaran maca artikel, hususna di kelas IX-D panalungtik nimukeun pasualan-pasualan, nya éta di antarana henteu saeutik siswa anu ngan saukur mampuh maca karangan artikel wungkul tapi teu mampuh néangan ide poko tina paragraf wacana artikel anu mangrupa konci

utama pikeun nyangkem kana bacaan anu keur dibacana. Hal ieu luyu jeung pamadegan Tampubolon (1987:11) anu nyebutkeun yén kamampuh maca nya éta gancangna maca jeung pamahaman eusi bacaan. Gancangna maca gumantung kana bahan jeung tujuan maca. Gancangna maca kudu saluyu jeung gancangna nyangkem eusi bacaan. Nimukeun ide poko hiji paragraf atawa bacaan nya éta konci utama pikeun nyangkem bacaan anu keur dibaca. Nu jadi dadasar dina panalungtikan ieu nya éta lain gancangna maca tapi kamampuh nyangkem kana eusi bacaan, ieu téh luyu jeung pamadegan Harjasujana jeung Damaianti (2003: 132) anu nyebutkeun yén nu penting tina kagiatan maca nya éta kamampuh dina nyangkem eusi bacaan. Tapi dina prak-prakan pangajaran maca artikel lolobana siswa teu bisa nimukeun konci utama éta anu mangrupa ide poko wacana artikel, siswa ogé teu bisa nyindekkeun ma'na tina pesen atawa informasi anu ditepikeun dina eusi wacana artikel anu ngajadikeun hésé méré tanggapan kana wacana artikel anu dibacana.

Dina ulikan pangajaran *Belajar-Mengajar*, ngeunaan penerapan modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* dina kaparigelan maca, di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah FPBS UPI mah nepi ka kiwari can aya nu kungsi nalungtik tapi di Jurusan Pascasarjana UPI geus aya nu nalungtik, saperti halna panalungtikan nu dijudulan “Penggunaan Model Pengajaran Timbal-Balik (*Reciprocal Teaching*) Bagi Peningkatan Kemampuan Membaca Pemahaman” (tesis Sri Mulyani, 2009) anu ngadéskripsikeun ngeunaan Studi Eksperimen Kuasi ka siswa kelas VIII SMPN 1 Kota Tasikmalaya. Hasil panalungtikanana kapaluruh yén modél *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* sacara signifikan cukup

éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman siswa. Dina pelaksanaan pangajaran maca siswa katitén leuwih aktif jeung antusias dina diajarna. Hal ieu disababkeun guru leuwih loba ngajak aktif ka siswa pikeun silih tanya jawab, ngajelaskeun jeung nepikeun gagasan-gagasan pikiran nu patali jeung eusi wacana nu dibaca.

Dumasar kana hal-hal di luhur, panulis kataji pikeun nalungtik kalawan gemet sangkan dipiharep bisa ngarengsekeun pasualan-pasualan anu aya, salah sahijina ku cara, guru kudu bisa ngawangun suasana diajar anu leuwih kréatif jeung inovatif utamana ngarobah modél pangajaran anu monoton jadi pangajaran anu leuwih loba ngajak siswana ngalaksanakeun interaksi-interaksi pikeun ngamekarkeun pangaweruh jeung sakabéh poténsi anu dipibogana nepi ka prosés pangajaran bisa lumangsung kalawan rékréatif (*menyenangkan*), ngabogaan ma'na (*efektif*), dialogis jeung dinamis. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* pikeun Ningkatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Artikel (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas IX-D SMP Negeri 3 Lémbang) perlu dilakukeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu masalah panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha prak-prakan (*impleméntasi*) modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* dina pangajaran maca pamahaman artikel ka siswa kelas IX-D SMP Negeri 3 Lémbang Taun Ajaran 2010/2011?
- 2) Kumaha hasil pelaksanaan modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* dina pangajaran maca pamahaman artikel siswa kelas IX-D SMP Negeri 3 Lémbang Taun Ajaran 2010/2011?
- 3) Kumaha suasana diajar maca pamahaman artikel ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* siswa kelas IX-D SMP Negeri 3 Lémbang Taun Ajaran 2010/2011?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan dina ieu panalungtikan nya éta hayang ningkatkeun kualitas pendidikan utamana dina prosés diajar-ngajar ngaliwatan pangajaran maca pamahaman artikel ku ngagunakeun inovasi pangajaran dina wangun modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* pikeun dijadikeun salah sahiji upaya dina menerkeun atawa ngaréngsékeun masalah pangajaran.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu geus dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) prak-prakan (*impleméntasi*) modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* dina pangajaran maca pamahaman artikel ka siswa kelas IX-D SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2010/2011;
- 2) hasil diajar siswa ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* dina pangajaran maca pamahaman artikel ka siswa kelas IX-D SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2010/2011; jeung
- 3) suasana diajar maca pamahaman artikel ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* siswa kelas IX-D SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2010/2011.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan kabagi kana dua bagian nya éta mangpaat sacara téoritis jeung mangpaat sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nya éta salian ti pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ogé bisa jadi sumbangan atawa alternatif dina proses diajar-ngajar utamana dina milih modél pangajaran anu leuwih inovatif jeung éféktif dina pangajaran maca pamahaman artikel.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) pikeun prosés diajar-ngajar, ieu panalungtikan méré sumbangan pikeun ngaronjatkeun ajén pangajaran basa Sunda;
- 2) pikeun guru, bisa dijadikeun alternatif dina ngajar maca pamahaman artikel sangkan prosés pangajaran leuwih variatif jeung teu monoton;
- 3) pikeun siswa, bisa leuwih aktif dina kagiatan prosés diajar ngajar sangkan ngabogaan kamampuh maca pamahaman anu hadé nepi ka bisa nyangking eusi atawa informasi bacaan;
- 4) pikeun sakola, bisa méré sumbangan dina raraga ngaronjatkeun ajén pangajaran di sakola; jeung
- 5) pikeun nu nalungtik, bisa leuwih ngaronjatkeun kualitas paélmuan jeung ngaimplementasikeun modél pangajaran anu luyu pikeun pangajaran maca pamahaman artikel.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta hiji bebeneran, téori jeung pamanggih anu jadi tolak ukur atawa cecekelan utama anu henteu dipasoalkeun deui bener jeung henteuna.

- 1) maca mangrupa salah sahiji kaparigelan basa jeung sastra salian ti ngaregepkeun, nulis jeung nyarita dina kaparigelan kabasaan jeung kasastraan;
- 2) pangajaran artikel mangrupa pangajaran anu kudu diajarkeun di sakola patalina jeung maca pamahaman;

- 3) pangajaran basa Sunda aya di SMP- sa- Jawa Barat;
- 4) modél pangajaran mangrupa hiji rencana pangajaran nu digunakeun dina prosés diajar ngajar; jeung
- 5) kamampuh maca pamahaman pikeun nyangkem jeung méré tanggapan kana bacaan anu wangunna téks bacaan artikel téh béda-béda.

1.6 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode panalungtikan tindakan kelas (*Classroom Action Research*).

Panalungtikan tindakan kelas nya éta salah sahiji wangun panalungtikan anu dilaksanakeun di kelasna sorangan, sifatna réfléktif ku ngalakukeun tindakan-tindakan pikeun tujuan ngomean prakték-prakték prosés pangajaran sangkan hasil atawa mutu diajar bisa leuwih ngaronjat. Panalungtikan tindakan ieu bisa diasupkeun kana kelompok panalungtikan ékspérimén anu ngabogaan ciri husus anu ngabédakeun jeung panalungtikan séjénna nya éta lian ti dipandang salaku tindak lanjut panalungtikan déskripsi atawa ékspérimén ogé sifatna lain deui nguji/ngetés hiji “tindakan” tapi geus ngabogaan kayakinan bakal ampuhna “tindakan” éta. Méthode tindakan kelas (*Classroom Action Research*) kaasup kana panalungtikan kualitatif sabab ngaguar informasi sacara écés.

Téhnik anu digunakeun dina ieu Panalungtikan Tindakan kelas (PTK) ngaliwatan sababaraha téhnik, di antarana: tés kamampuh siswa, observasi jeung catetan lapangan. Data-data ieu satuluyna dikumpulkeun pikeun dianalisis salila prosés panalungtikan lumangsung.

1.7 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

Panalungtikan ieu dilaksanakeun di SMP Negeri 3 Lembang, nu aya di Jl.Raya Lembang No.29. Kab. Bandung Barat. Sumber data ieu panalungtikan nya éta hasil diajar maca pamahaman artikel siswa kelas IX-D nu jumlahna 38, siswa lalaki jumlahna 17 urang sedengkeun siswa awewe jumlahna 21 urang dina pelajaran basa Sunda semester 1 Taun Ajaran 2010/2011.

1.8 Raraga Nulis

Skripsi anu ngawengku lima bab ieu ngagunakeun raraga nulis saperti di handap ieu:

Dina bab I dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, métode panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, raraga nulis.

Dina bab II dipedar ngeunaan wangenan maca, tujuan maca, warna maca, hakékat maca pamahaman, artikel, hakékat *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)*, sarta modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* dina maca pamahaman artikel.

Dina bab III dipedar ngeunaan desain panalungtikan, seting panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, analisis data, téhnik ngumpulkeun data, sarta prosedur panalungtikan.

Dina bab IV dipedar ngeunaan deskripsi jeung analisis hasil pangajaran maca pamahaman artikel ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* di SMP Negeri 3 Lembang kelas IX-D.

Dina bab V dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil pembahasan jeung implikasi atawa rekomendasi anu ditunjukeun ka panalungtik jeung ka unggal pihak anu patali ngagunakeun hasil panalungtikan ieu.

Lampiran-lampiran anu aya dina ieu skripsi diantarana Rencana Prak-Prakan Pangajaran (RPP) pra-panalungtikan, RPP siklus I jeung siklus II, soal tés pamahaman bacaan (TPB) artikel siklus I jeung II, hasil tés pamahaman bacaan (TPB) siklus I jeung II, hasil observasi aktivitas guru siklus I jeung II, Hasil observasi aktivitas siswa siklus I jeung II, sarta hasil catetan lapangan.

